

**Pa Prezidan
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan
Premye Prezidans lan



Sen pou tout sezon

Mwen gen souvni danfans sou yon pati nan mond lan ki ta ka sèvi kòm kat postal pou tout kat sezon yo nan ane a. Chak mwa ki te pase te bèl ak ekstraòdinè. Pandan yon jou ivè pafè, bèl nèt pafè te konn fè mòn yo ak ri yo nan vil la tou blan. Prentan te pote lapli ki te netwaye tout bagay ak bèl eksplozyon tout bagay koulè vèt yo. Bèl solèy te klere nan syèl ble, trankil la an ete. Epi lotòn espektakilè a te transfòme lanati fè l vin tounen bèl koulè oranj, jòn, ak wouj. Lè m te piti, mwen te renmen chak sezon, e jiska jodia, mwen renmen karaktè patikilye yo chak.

Nou gen sezon nan lavi nou tou. Genyen ki plen chalè e ki plezan. Gen lòt ki pa konsa. Gen kèk jou nan lavi nou ki osi bèl ke foto nan yon kalandriye. Men gen de jou ak sikonstans ki pote chagren e ki ka pote pwofon santiman dezespwa, mekontantman, ak amètım antre nan lavi nou.

Mwen si ke, nan yon tan kèlkonk, nou tout konn panse ke l ta pi agreyab pou nou ta enstale nou nan yon tè sèlman ranpli avèk jounen ki gen imaj sezon pafè epi evite tan dezagreyab ant sezon yo.

Men sa pa posib. Ni li pa dezirab.

Lè m ap gade nan pwòp lavi pa m, li klè ke anpil nan tan pi gwo kwasans espiryèl mwen yo te vini lè m t ap travèse sezon difisil.

Papa saj nou an ki nan Syèl la te konnen pou pitit li yo grandi vin tounen moun yo dwe devni an, yo t ap bezwen pase pa sezon advèsite pandan sejou yo nan

mòtalite a. Pwofèt Leyi, nan Liv Mòmmon an, te di ke san opozisyon, “pa t ap gen lajistis” (2 Nefi 2:11). Anfèt, se amètım lavi a ki pèmèt nou rekonèt, konpare, ak apre-sye dousè li. (gade D&A 29:39; Moyiz 6:55).

Prezidan Brigham Young mete l fason sa a: “Tout èt entelijan ki abiye ak kouwòn laglwa, kouwòn imòtalite, ak lavi etènèl yo dwe pase pa tout eprèv ki fikse pou èt entelijan yo, pou yo kapab jwenn laglwa yo ak egzaltasyon yo. Tout kalamite ki kapab tonbe sou moun mòtèl yo, y ap tonbe . . . pou prepare yo pou yo jwi prezans Senyè a. . . . Tout eprèv ak tout eksperyans nou travèse nesèsè pou sali nou.”¹

Kesyon an se pa si n ap travèse sezon advèsite yo men se kijan nou pral reyaji devan tanpèt sa yo. Gwo opòtinite nou genyen pandan chanjman konstan sezon lavi yo se kenbe pawòl Bondye a fèm, paske konsèy li yo la non sèlman pou ede nou fè fas ak tanpèt lavi yo men pou gide nou lè n ap travèse yo tou. Papa nou ki nan Syèl la bay pawòl li atravè pwofèt li yo—konesans presye ke l bay pou dirije nou atravè defi sezon difisil yo pou mennen nou nan lajwa ineksprimab ak limyè briyan lavi etènèl la. Yon pati enpòtan nan eksperyans lavi nou se devlope fòs, kouraj, ak entegrite pou nou kenbe fèm nan laverite ak lajistis malgre bourad n ap resevwa yo.

Moun ki antre nan dlo batèm yo e ki resevwa don Sentespri a, yo mete pye yo sou chemen disp la e yo gen obligasyon pou yo suiv mak pye Sovè nou an fidèlman san rete.

Sovè a te anseye ke solèy leve “ni pou moun ki mechan ni pou moun ki bon, epi . . . lapli [tonbe] ni pou moun k ap fè sa ki byen ni pou moun k ap fè sa ki mal” (Matye 5:45). Pafwa nou pa ka konprann poukisa bagay difisil, ki menm enjis, rive nan lavi a. Men, antanke moun k ap suiv Kris la, nou konnen ke si nou “chèche avèk dilijans, priye tout tan, epi kwè, . . . tout bagay ap travay ansanm pou byen [nou], si [nou] mache dwat” (D&A 90:24; italik ajoute).

Antanke manm Legliz li a, antanke Sen, nou sèvi jwayezman e ak bòn volonte, nan tout tan ak nan tout sezon. Epi pandan n ap fè sa a, kè nou vin ranpli ak lafwa sakre, espwa gerizon, ak charite divin.

Men, n ap gen pou n pase atravè tout sezon—ni plezan ni penib. Men, kèlkeswa sezon an, antanke disip Jezi, Kris la, nou ap fèmeman mete espwa nou sou Li pandan n ap mache al nan limyè l la.

An rezime, nou se Sen Bondye, ki detèmine pou nou aprann de li, pou nou renmen li, epi renmen pwochen nou. Nou se pèlerin sou wout beni disip la, e n ap mache tennfas ale nan bi selès nou.

Se poutèt sa, annou se Sen nan prentan, lete, lotòn, ak livè. Annou se Sen pou tout sezon.

NÒT

1. *Enseignements des présidents de l'église: Brigham Young* (1997), 261–62.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Premye Prezidans lan te anseye: “Se atravè chante kantik yo nou preche kèk nan pi gwo diskou yo” (*Hymns*, ix). Lè n ap anseye nan mesaj sa a, panse pou nou chante youn nan kantik sa yo oubyen yon lòt kantik avèk moun n ap anseye yo sou andire advèsite: “Quels fondements fermes” (no. 42); “L’Eternel est mon berger” (no. 57); oswa “Mettons de l’ardeur” (no. 159). Si nou santi enspirasyon pou nou fè sa, pataje yon lòt kote yon sezon difisil nan lavi nou te vin tounen yon benediksyon pou nou.

JÈN YO

Mwen te kapab kite doulè m nan ale

Pa Juan Zhu

Lè zanmi m, Frè Chen ak madanm ni te batize vini nan Lapawas nou an, mwen te kontan anpil. Ennan apre batèm yo, yo te sele nan tanp, epi pitit gason yo a, ki

te mouri anvan yo te antre legliz la, te sele avèk yo. Sa te bèl pou n te wè kijan fanmi Chen t ap pwogrese nan levanjil la.

Epi nan ane apre a, Frè Chen te mouri nan yon aksidan machin. Apre aksidan an, lanmò li te toujou rete nan lespri m e sa te souvan boulvèse rèv mwen. M te konn reveye ak dlo nan je ap mande tèt mwen san rete: “Poukisa? Poukisa Senyè a te kite trajedi sa a rive? Poukisa yon bagay konsa rive bèl fanmi sa a?” Yon jou, pandan m t ap lite avèk kesyon sa yo, mwen te pran yon manyèl e m te li pawòl sa yo Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te di:

“Si nou konsidere kondisyon mòtèl la kòm totalite egzistans nou, enben, doulè, chagren, echèk ak yon lavi kout apral tounen kalamite pou nou. Men si nou wè lavi a kòm yon bagay etènèl ki etann soti lwen nan lavi premòtèl la pou rive lwen nan letènite apre lavi mòtèl la, lè sa a, tout sa k rive, n ap kapab mete yo nan plas yo dwe ye a. . . .

“Èske nou tout pa ekspoze anba tantasyon pou yo ka teste fòs nou, anba maladi poutèt pou nou ka aprann pasyans, anba lanmò poutèt pou nou kapab vin imòtèl ak glorigye?”¹

Nan moman sa a, m te deside pou m te kite doulè m nan ale e pou m te gade nan fiti yo pwomèt la e ki posib la. Nan lespri m, m te wè Frè Chen byen kontan reyini avèk fanmi li. Sa te pote lapè pou mwen. Mwen konnen Papa nou ki nan Syèl la ap ba nou sajès ak kouraj pou nou fè fas ak advèsite.

Otè a soti Tayiwann

NÒT

1. Gade *Enseignements des présidents de l'église: Spencer W. Kimball* (2006), 15.

TIMOUN

Sèvi nan tout sezon

Prezidan Uchtdorf anseye ke nou ta dwe “sèvi jwayezman e volontèman nan tout tanperati ak nan tout sezon.” Ki kèk fason nou ka sèvi lòt moun pandan sezon livè? Ki kèk fason nou ka sèvi lòt moun pandan sezon prentan? E pandan sezon lete ak lotòn? Ekri ide ou genyen pou chak sezon yo. Ou gen dwa anvè eseye itilize youn nan ide sa yo mwa sa a!

© 2013 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/12. Apwobasyon tradiksyon: 6/12. Tradiksyon *First Presidency Message*, September 2013. Haitian. 10669 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Otonomi

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Otonomi se kapasite, angajman, ak efò pou reponn pou byen-nèt espirityèl ak tanporèl tèt nou ak pa fanmi nou.¹

Si nou aprann e aplike prensip otonomi yo nan fwaye nou ak nan kominote nou, n ap gen opòtinite pou nou pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo ak pou nou ede lòt moun vin otonòm pou yo kapab andire tan advèsite.

Nou gen privilèj ak devwa pou nou itilize libabit nou pou n vin otonòm espirityèlman ak tanporèlman. An palan de otonomi espirityèl ak sou kijan nou depann sou Papa nou ki nan Syèl la, Èldè Robert D. Hales nan Kolèz Douz Apot yo te anseye: “Nou vin konvèti e vin espirityèlman otonòm lè nou respekte alyans nou yo avèk èd lapriyè—nan pran Sentsèn diyman, nan rete diy pou gen yon rekòmandasyon tanp, ak nan fè sakrifis pou sèvi lòt moun.”²

Èldè Hales konseye nou pou nou vin otonòm espirityèlman, “kivledi pou nou pran fòmasyon apre lekòl segondè oswa chèche yon metye, aprann travay, e viv selon mwayen

nou. Nan evite dèt ak fè ekonomi kounyeya, n ap prepare pou sèvis apentan Legliz la nan ane k ap vini yo. Objektif otonomi tanporèl ak espirityèl la se pou mete tèt nou nan sitiasyon ki pi ansekirite pou nou ka soulaje lòt moun ki nan bezwen.”³

Nan ekriti yo

Matye 25:1–13; 1 Timote 5:8; Alma 34:27–28; Doktrin ak Alyans 44:6; 58:26–29; 88:118

Nan Istwa Nou

Aprè ke Sen Dènye Jou yo te fin rasanble nan Vale Salt Lake la, ki sete yon dezè izole, Prezidan Brigham Young te vle yo pwospere e bati kay pèmanan. Sa te vle di ke Sen yo te bezwen aprann talan ki t ap pèmèt yo vin otonòm. Nan efò sa a, Prezidan Young te gen anpil konfyans nan kapasite, talan, fidelite, ak bòn volonte fi yo, e li te ankouraje yo nan tach tanporèl byen espesifik. Pandan ke tach espesifik sè yo nan Sosyete Sekou a souvan diferan jodia, prensip yo toujou rete menm nan.

1. Aprann renmen travay epi evite laparès.

2. Chèche gen yon espri sakrifis pèsònèl.

3. Aksepte responsablite pèsònèl pou fòs espirityèl, sante, edikasyon, travay, finans, manje, ak lòt nesesis pou soutni lavi yo.

4. Priye pou nou jwenn lafwa ak kouraj pou afwonte pwoblèm yo.

5. Fòtifye lòt moun ki bezwen asistans.⁴

NÒT

1. Gade *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 6.1.1.
2. Robert D. Hales, “Coming to Ourselves: The Sacrament, the Temple, and Sacrifice in Service,” *Liahona* ak *Ensign*, Me 2012, 34.
3. Robert D. Hales, “Coming to Ourselves,” 36.
4. Gade *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 51.

Kisa M Ka Fè?

1. Kijan m ede sè m ap vizite yo jwenn solisyon pou bezwen espirityèl ak tanporèl yo?

2. Èske m ap ogmante otonomi espirityèl mwen nan prepare pou Sentsèn ak fè sakrifis pou m sèvi?